ZORI_ISLAMA WWW. ZORI-ISLAMA.COM
25 февраль 2021 год №4 (476)



А.-Х. Кадыров

# ИСЛАМАН ЗІАЬНАРШ




ОРДЕН «ЗА ЗАСЛУГИ ПЕРЕД УММОЙ» 1 СТЕПЕНИ

РЕСПУБЛИКАНСКАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА «ЗОРИ ИСЛАМА»

ВЫХОДИТ С 6-ГО НОЯБРЯ 1990 ГОДА

ПЕРВАЯ РЕЛИГИОЗНО-ПРОСВЕТИТЕЛЬСКАЯ ГАЗЕТА В СССР

СОБЫТИЯ

## В ГРОЗНОМ ПОЧТИЛИ ПАМЯТЬ ЖЕРТВ ТРАГИЧЕСКИХ СОБЫТИЙ ФЕВРАЛЯ 1944 ГОДА



В столице Чеченской Республики прошло мероприятие, посвященное 77-летию со дня высылки чеченского и ингушского народов.

В нем приняли участие Председатель Парламента ЧР Магомед Даудов, первый заместитель Председателя Правительства ЧР Иса Тумхаджиев, вице-премьеры Абузайд Висмурадов, Вахит Усмаев, заместитель Председателя Правительства ЧР – министр сельского хозяйства ЧР Ибрагим Закриев, мэр города Грозного Иса Хаджимурадов, а также руководители министерств, ведомств и силовых структур, – сообщает пресс-служба Главы и Правительства Чеченской Республики.

Открывая собрание, М. Даудов зачитал обращение Главы ЧР Рамзана Кадырова к народам ЧР.

«Сегодня одна из самых печальных и трагических дат в истории чеченцев и ингушей. Семьдесят семь лет назад по приказу проклятого всеми народами Иосифа Сталина наши народы стали жертвами вопиющего и бесчеловечного преступления – массовой высылки в Сибирь и Казахстан. Этот ужасный акт репрессии был прикрыт лживыми обвинениями в сотрудничестве с немецко-фашистскими оккупантами. Его итогом стало уничтожение огромного количества коренного населения нашей республики. Это преступление нельзя назвать иначе как откровенной расправой над народом. О лживости и надуманности обвинений против нашего народа свидетельствует тот факт, что большое количество чеченцев мужественно сражалось, защищая Сталинград, прорывая блокаду Ленинграда, освобождая города Советского Союза и Европы. Жители Грозного внесли огромный вклад в укрепление обороноспособности государства.

В 2015 году Президент России Владимир Путин восстановил историческую справедливость, присвоив Грозному почетное звание «Город воинской славы». Это решение поставило окончательную точку в череде различных исторических спекуляций, которые пытались провернуть наши недоброжелатели.

Сегодня чеченский народ успешно развивается, планомерно двигается вперед и занимает достойное место среди братских народов России. Эти успехи стали возможны благодаря нашему единству, сплоченности, стремлению жить и работать на благо нашей общей Родины.

Мы всегда будем помнить о жертвах той ужасной трагедии и будем молить Всевышнего Аллаха о лучшей доле для всех павших от сталинского произвола», – говорится в обращении.

М. Даудов отметил, что залогом мира и порядка является единство и согласие в республике.

«Каждый должен понимать, что мир и благополучие населения республики зависят от того, насколько мы все сплочены. Если мы живём в согласии и дружбе, то Всевышний подарит нам мир и спокойствие. За это отдал свою жизнь наш Первый Президент, Герой России Ахмат-Хаджи Кадыров. Его путь – это и есть благополучие и порядок на нашей земле. Мы никогда не свернём с него и сделаем все возможное для того, чтобы больше никогда не повторились те печальные и трагические события, которые пережил наш народ в 1944 году и во время боевых действий в республике 20 лет назад», – сказал он.

Собравшиеся прочитали дуа во главе с потомком Пророка Мухаммада (да благословит его Аллах и приветствует), депутатом Парламента ЧР Сайд-Хамзатом Жамалуллайлом, прося Всевышнего о милости для всех жертв ужасной трагедии и павших от сталинского произвола, а также погибших во время Великой Отечественной войны.

***Магомед Нацуров***

ТІАРИКЪАТ

## ТІАРИКЪАТ ДОВЗИЙТАР

*Бисмиллахиррохьманиррохьим*

*(Юьхь 2021 шеран 3-чу номерехь)*

### ТАСАВВУФНА КХОЬЛЛИНА ХАРЦ ЦІЕ

ХІокху заманан цхьаболу дешна нах тасаввуфна кхиссарш еш бу, царах цхьаболчара – уьш динехь керла белхаш гучабаьхнарш я динахдІабирзинарш бу бохуш церан куц хІоттош, шайн дешнашкахь, йозанашкахь царна дуьхьал луьра тІом латтабо.

Нийсонна тІехь болчарна хаьа, муьлххачу тобанна юккъехь мунепакъаш я шайна са лоьхуш берш, я нийсачу некъах тилларш, я вуон нах хуьлий. Амма иза делил дац, ерриге тоба харцъеш хьукма дан, хІунда аьлча хьукма дар церан Іалашоне, ма-дарра долчу маьІне хьаьжжина хуьлу, шаьш царах бу бохуш тиллачаьрга хьаьжжина ца хуьлу.

Вай дийцинчунна тІедоьгІча вайна билгалдолу, цхьана балха тІехь бусалба динна дуьхьало еш мел долу хІума тасаввуфе, цуьнан охІлане диллар нийса цахилар. Баккъал а, иза шаьш тасаввуфах ду бохуш, амма цунна тІе харцо, доцург кхуллуш болчеран тилар ду я царна Іиттарш ярхьама, церан куц, некъ эрчабаккхархьама церан жайнашна шайгара юкъатийсина хІуманаш ду, тафсиран жайнашна юкъатийсина жуьгтийн дийцарш санна, – бакъдерг довзийтарна, оцу харц дийцаршна гена хиларна тІехь сутара хиллачу тафсиран Іеламнаха дийцинчуьнца догІуш доцу. Цунах терра ду хьадисийн жайнашна юкъатийсина харц хьадисаш, хьадисан Іилма девзачу баккхийчу Іеламнаха шаьш билгалдина долу.Цундела, тасаввуф охІланна, цунна дуьхьал болчарна юккъехь яьлла херо, шаьш тасаввуфах ду бохуш, амма цунна тІехь доцург кхуллуш болчеран харц къамелаш тасаввуф охІланан цІенчу ойланашца цара иэдар бахьанехь яьлла аьлла хета суна. Цара дерриге а хІума шен-шен метте диллина хиллехьара, кхачам боллуш таллам барца уьш хьаьвсина хиллехьара, тасаввуфан охІланан хьокъехь хІара ирча къамелаш ца деш, уьш къаьсттина шайн Далла тІебирзина, АллахІана муьтІахь хилла, шайн Іалашоне кхаьчнарш бу аьлла суфийн хьокъехь дика ойла кхоллалур яра церан.

Оха хьан тидаме дуьллу тасаввуфан охІланна тІехь кхоьллинчу харцонех цхьадерг. Іеламстага шайх Іабдул-ВаххІаб аш-ШаІранис (Дала къинхетам бойла цунах) шен «ЛатІáифул-минани валахлáкъ» цІе йолчу жайнахь боху: «Веза-Сийлахьчу Дала суна динчу диканах – соьца хьагІ, мостагІалла лелош болчара сан жайни юкъа шариІатехь догІуш доцу дешнаш тийсинчу хенахь суна собар далар ду. Иза – ас «Аль-бахьрул маврýд филь-мавáсийкъи валь-ІухІýд» цІе йолу жайна яздина, Мисарахь болчу деа мазхІабера Іеламнаха иза дика жайна хиларна тоьшалла дина, наха иза зорбане даккха сихо йина, и санна шовзткъа жайна яздинчу хенахь хилларг ду. Иза хьагІ йолчу нахана ца тайра, сан цхьаболчу дагахь хІума доцчу накъосташна мекарло йина, цаьргара дІалур ду аьлла жайна даьккхина, оцу жайни тІера масех тептар схьаяздира цара, оцу чохь шайн тилла дегатешамаш, бусалба нехан хилла барт бохош долу масалш, Джухьах (Іарбийн фольклоран турпалхо), мунепакъ волчу ибн ар-Рáвандийх лаьцна дийцарш, туьйранаш яздира цара. Дуккха а меттигашкахь жайнин могІанаш хийцира цара, и жайна хІоттийнарш шаьш долуш санна; цул тІаьхьа и тептарш схьа а эцна, базар хІуттучу дийнахь а жайнаш духкучу базара дахьийтира цара. И базар – Іилма лоьхучу наха гуллуш меттиг яра.Оцу тептаршка хьоьжучарна цу тІехь сан цІе гира. АллахІах кхоьруш воцчо и жайна ийцира, цул тІаьхьа АзхІаран Іеламнахана тІе даьхьира цо иза. Оцу балхо доккха питана дира, шарахь геррга маьждигашка, базаршка, куьйгалхойн хІусамашка лелаш хилира нах. Суна хаа а ца хууш оцу массо балха тІехь соьгахьа гІо даьккхира шайх Насруддúн ал-Лаккъáнис, Исламан шайх волчу аль-Хьанбалийс, шайх ШихІáбуддин бин аль-Хьалабис (Дала къинхетам бойла царах). Цара со волчу вайтира АзхІарера шайна везаш волу стаг, цо соьга иза мадарра дийцира, тІаккха ас сайгара жайна дахьийтира, – шена тІехь иза магош Іеламнаха яздина дешнаш долу. Уьш оцу жайне хьаьвсира, оцу хьагІ йолчу наха шайгара кхоьллинчух хІумма а ца карийра царна цу чохь».

Иза цуьнан «ЛатІáифул-минани валь-ахлáкъ» цІе йолчу жайнин шолгІачу декъан 190-чу агІон тІехь ду. Иштта иза хьахийна историн воккхачу Іеламстага Іабдул-Хьаййи бин аль-Іимáда аль-Хьанбалис шен «Шазарáтуз-захІаб» цІе йолчу жайнин 8-чу декъехь, 374-чу агІон тІехь. Цо аьлла: «Цхьана тобано хьагІ лецира цуьнца, цара оцу юкъа шариІатана дуьхьал догІу дешнаш, шайн тилла дегатешамаш, бусалба нехан хилла барт бохош долу масалш тийсира. АллахІа уьш изшийра, иза царал толийра.Суннатана тІаьхьавозуш, АллахІах чІогІа кхоьруш стаг вара иза».

ХІокху вай дийцинчо вайна къеггина билгалдоккху, жайнашкахь,тасаввуф охІланера ду бохуш, амма шариІатана дуьхьал догІуш вайна гуш мел дерг, имам ШаІранин(Дала къинхетам бойла цунах) «ТІабакъáтул-кубрá» жайнахь деана махиллара – иза оцу мунепакъ наха шайггара кхоьллинарг ду. Баккъал а, шайх Іабдул-Къóдир Іийсан «Хьакъáикъу Іанит-тасаввуф» цІе йолчу жайнин 508-чу агІон тІехь деана: «Цунах терра Мухьйиддин бин Іараби (Дала къинхетам бойла цунах) бохучу шайхана тІехь а харцо кхоьллина цара».

Имам ШаІранис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Ибн Іараби (Дела реза хуьлда цунна) Къуръанна, суннатана тІаьхьавозуш вара, цо олура: «БІаьрганегІар тухучу сохьтехь шариІатан терза шен куьйга дІатеснарг – хІаллакьхилла».Цо иштта аьлла: «Цуьнан дешнаш ду бохуш, шариІатаца догІуш доцу,Іеламнехан бартана дуьхьал долу дешнаш – иза цунна тІехь кхоьллина харцо ю», – Абу-ТІáхІир аль-МагІрибис иза соьга дийцина ма-хиллара. Цул тІаьхьа цо суна Маккахь зорбане даьккхина «Аль-Футýхьáту» цІе йолу жайна гайтира, шайхо Къунийя (Конья) бохучу шахьарахь яздинчуьнца догІуш долу; ас и жайна дацдечу хенахь со тІекхиъна, ас цунах дацдина долчух хІумма а ца гира суна оцу тІехь».

Хьанафин мазхІабехь долчу фикъхІан уггаре йоккха энциклопеди вовшахтоьхна волчу воккхачу Іеламстага ИбнІабидинас (Дала къинхетам бойла цунах) хьахийна, шайх Мухьйиддин бин Іарабин (Дала къинхетам бойла цунах) жайнашкахь шариІатана дуьхьало еш деана долчух шена хетарг – иза цунна кхоьллина харцо ю, аьлла. Цундела «Ад-дуррулмухтáр» жайна яздинчо аьлла: «Бакъду, суна билгалдаьлларг, – шайхана (Дала къайле цІинйойла цуьнан) тІехь и харцо кхоьллинарш цхьаболу жуьгтий хилар ду». Баккъал а, эла йолчу РáбиІатул-Іадавина (Дала къинхетам бойла цунах) тІехь харцо кхоьллина хиларна Ибн Таймияс а (Дала къинхетам бойла цунах) мукІарло ма до, ша олуш: «РáбиІата ХьаьжцІийнах лаьцна, иза латта тІехь шена Іибадат деш хІуьппалг ю аьлла, дийцинарг – иза АллахІах тешаш, кхоьруш йолчу РабиІатана тІехь кхоьллина харцо ю». Иза Ибн Таймин «Ар-расáилу вальмасáил» цІе йолчу жайнин хьалхарчу декъан 80-чу агІон тІехь ду.

### ТАСАВВУФАН ДОЗАЛЛА(мехалла)

Тасаввуфан дозаллах лаьцна дийца вай лууш делахь, вайна хаа деза, и дозалла деккъа тасаввуфах схьадаьлла Іаш дац, баккъал а, иза схьадолуш ду тасаввуф шеца хоттаделла долчу дакъойх. Вай хьалха билгалдина, тасаввуф бусалба динехь керла юкъададьлла я цунах къаьстина, я цунна тІетоьхна хІума дац аьлла. Баккъал а, иза бусалба динан къаьстина дакъа, цуьнан мехала агІо ю, иза – дегнаш цІандаран агІо ю, ткъа дегнаш цІандар – иза АллахІа оцу бахьаница Шен Элча (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) ваийтинчу Іалашонех мехала дакъа ду. Веза-Сийлахьчу АллахІа иза билгалдоккхуш боху: **«Иза (АллахІ) ву, йоза ца хуучу нахана юккъе царах волу Элча (Мухьаммад) вахийтинарг, цо царна Цуьнан аяташ доьшуш, церан дегнаш цІандеш, царна жайна (Къуръан), хьикмат (суннат)хьоьхуш, – уьш хьалха билггалчу тилар чохь хиллехь а»** («Аль-ДжумуІату», 2).

02→

СУННАТАШ А, ПАРЗАШ А

## ЛАМАЗ ІАМАДАР

Хастам бу Іаламийн Да волчу АллахІана. АллахІера салам-маршалла хуьлда Іаламех къинхетам беш Дала Ша ваийтина волчу вайн Элчанна Мухьаммадана, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тІаьхьа мел баьзначарна.



Комаьршачу АллахІа боккха къинхетам бина вайх, вай бусалба кхолларца.

Бусалба стеган коьртачу билгалонех цхьа билгало – иза ламаз деш хилар ю. Мел халонаш ларах, вайнаха ламаз ца дитина. Юьртарчу молле кехаташ тІе Бисмилла, Этхьиг яздойтуш, и кехаташ хІайкал санна лардеш Іамийна вайна дайша, наноша ламаз. Тахана, Делан къинхетамца, ламаз Іамо, хьеха аьтто бу вайн махкахь. Цундела оцу дезачу Іибадатана вайн тІедерзар Іилманан тІегІанна тІедаккха дезаш ду, хІунда аьлча ламаз иштта дан деза, я хьан ламаз нийса дац бохурш бовлу вайна юкъахь. Амма шеко йоцуш дерг ду, хІора бусалба стага шен динан орамаш бовзарехь, Іаморехь къахьега дезаш хилар.

ШафиІин мазхІабехь ламаз эцаран, ламаз даран баххаш буьйцуш, ламазехь вай лардала дезарг хьахош, вовшахтоьхна ду хІара жайна. Жайна хІоттош ирс эцна (тІетевжина) МустІофа Аль-Хин, МустІофа Аль-БугІа бохуш волчу шина Іеламстага яздинчу «Аль-ФикъхІ Аль-МанхІажи», шайх Юсуф бин Махьмуд-Хьаж Ахьмада яздинчу «ШафиІин мазхІабехь ламаз дар» цІерш йолчу жайнех. ХІокху жайнах школашкарчу дешархоша, церан хьехархоша, иштта шен ламаз мелла а нийса дан Іама луучо пайдаэцаре догдоху оха. Цхьайтта шарахь дешна, дахаран новкъа волуш волу жима стаг (йоІ) шен динан корта – ламаз – нийса дан Іамош хІокху жайно гІо динехь, тхешан Іалашо кхочушхилла аьлла хетар ду тхуна.

Ламаз уггар деза Іибадат ду бусалба динехь. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: «Массо хІуманан корта Ислам-дин ду,цуьнан гІортор – ламаз ду» (Тирмизи).

Дала уггар хьалха тІедиллина Іибадат ду ламаз. Веза-Сийлахьчу АллахІа Мухьаммад-пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) ворхІ стигалел лакха ваьккхина, Шена герга вина, омра дина цуьнга, ламаз де, аьлла. Ламазна тІера долалур ду адаман Іамалийн хьесапдар. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: «Къематдийнахь адаман Іамалех хьалха хьесап дийр дерг ламаз ду. И нийса хилахь, йисина Іамалш нийса хир ю, иза доьхна хилахь – йисина Іамалш йохна хир ю» (ТІабарани).

03→

## ЖАМІАТЕХЬ ЛАМАЗ ДАРАН ДОЗАЛЛА

*Бисмиллахиррохьманиррохьим*

Хастам бу АллахІана, бусалба нахана ламаз тІедиллина волчу. Делера салам-маршалла вай Элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна хуьлда.

Лераме махкахой! Веза-Сийлахьчу Дала вайна ламаз дар тІедиллина, уггар а коьрта Іамал и хилар билгалдеш. Бакъду, Дела лууш ву вай дечу Іибадатехь вайна алссам ял хилар, юккъехь марзо, барт болуш вайн дахар хилар.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «Делан динах тасало шу дерриге а, декъа а ма ло шу» («Алу-Іимран», 103).

Дала вайга омра дина жамІатехь ламаз де, вовшех къеста а ма къеста, аьлла. Іумаран кІанта (Дела реза хуьлда цунна) далийначу хьадисехь ду, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «ЖамІатехь дина долу ламаз ша хІоьттина динчу ламазал ткъе ворхІ даржехь деза ду». Бухари.

Парз ламаз маьждигехь дар гуттар а деза ду, къинойх цІанвеш а ду, хІунда аьлча, маьждигаш АллахІан хІусамаш ю.

Іумаран кІанта ІабдуллахІа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: «Баккъал а, АллахІ, Беркате а, Лекха а ву Иза, дукхадезаш ву жамІатехь деш долу ламаз» (Ахьмад).



03→

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

В ГАЗЕТЕ ИМЕЮТСЯ ПЕРЕВОДЫ СВЯЩЕННЫХ ПИСАНИЙ, ПОПАДАНИЕ КОТОРЫХ В НЕЧИСТОЕ МЕСТО ПО ШАРИАТУ НЕ ДОПУСКАЕТСЯ!

РЕЛИГИОЗНЫЙ ТУРИЗМ

# ПРЕКРАСНЫЕ МЕЧЕТИ ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ

ЧЕЧЕНСКАЯ РЕСПУБЛИКА ПРИВЛЕКАТЕЛЬНА ДЛЯ ТУРИСТОВ НЕ ТОЛЬКО САМОБЫТНОЙ КУЛЬТУРОЙ, НЕВЕРОЯТНЫМ ГОСТЕПРИИМСТВОМ И ПРИРОДОЙ, НО И ДУХОВНО-СОСТАВЛЯЮЩИМ ЧЕЧЕНСКОГО НАРОДА, КОТОРОЕ ОСНОВАНО НА КАНОНАХ РЕЛИГИИ ИСЛАМ. ВЕЛИЧЕСТВЕННЫЕ И РОСКОШНЫЕ МЕЧЕТИ – ВИЗИТНАЯ КАРТОЧКА ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ, ГОРДОСТЬ ЧЕЧЕНСКОГО НАРОДА И ЧУДО ИСЛАМСКОЙ АРХИТЕКТУРЫ, КОТОРЫЕ ВЫЗЫВАЮТ ШИРОКИЙ ИНТЕРЕС У ТУРИСТОВ И ГОСТЕЙ РЕГИОНА.





## МЕЧЕТЬ «СЕРДЦЕ ЧЕЧНИ» ИМЕНИ АХМАТА-ХАДЖИ КАДЫРОВА

Мечеть открылась 17 октября 2008 года во время форума «Ислам – религия мира и созидания». Ее строительство было начато 25 апреля 2006 года при помощи специалистов из Турции.

Мечеть представляет собой уникальное сооружение. Наружные и внутренние стены отделаны редчайшим мрамором – травертином, а интерьер храма обильно декорирован белым мрамором, который добывают на острове Мармара Адасы в Мраморном море.

Расписывали мечеть лучшие турецкие мастера. Для узорной росписи использовались специальные синтетические и натуральные краски, благодаря чему, по словам специалистов, мечеть сохранит цветовую гамму в ближайшие 50 лет. Для написания узоров и священных аятов (текстов) из Корана мастера использовали напыление из золота высшей пробы. В мечети установлено 36 люстр. Их уникальность в том, что они своими формами напоминают три святыни Ислама – 27 из них имитируют мечеть Куббату-ас Сахра в Иерусалиме, 8 сделаны по образцу мечети Ровзату-Набави в Медине и самая большая, 8-метровая, люстра повторяет по формам святыню Каабу в Мекке. Люстры изготовлены из кристаллов Swarovski.

Полезная площадь мечети составляет 5 тысяч квадратных метров, высота минаретов – 62 метра. Общая площадь исламского центра – 14 гектаров. Здание храма имеет повышенную сейсмическую устойчивость. На прилегающей территории установлено несколько фонтанов, разбиты места для отдыха, аллеи.

## МЕЧЕТЬ «СЕРДЦЕ МАТЕРИ» ИМЕНИ АЙМАНИ КАДЫРОВОЙ

Открытие мечети состоялось 16 мая 2014 года. Мечеть названа именем супруги Первого Президента Чеченской Республики А. Кадырова – Аймани Кадыровой.

Строительство мечети началось в середине января 2011 года в центре города Аргуна, на месте прежней городской мечети. Она была построена по проекту турецкого архитектора Дениза Байкана. Строительство мечети велось на средства Регионального общественного фонда имени Ахмата Кадырова.

Мечеть имени Аймани Кадыровой построена в стиле хай-тек и является первой мечетью на территории России, выполненной в ультрасовременном виде. Днем, в зависимости от погоды, своды мечети меняют оттенки цветов – от светло-серого до бирюзово-синего. Ночью мечеть и прилегающая территория освещаются разноцветными светодиодными лампами и прожекторами.

Стены мечети отделаны мрамором. Овальные своды главного молитвенного зала венчает купол высотой 23 метра и диаметром 24 метра. Отдельным украшением мечети является центральная люстра. Она весит семь тонн и достигает тридцати метров в диаметре. Тысячи лампочек, составляющих единую композицию, расписаны аятами из Священной Книги. Над куполом мечети возвышаются три минарета высотой 55 метров.

Мечеть рассчитана на 15 тысяч человек и имеет 26 входных дверей. Вдоль лестницы, которая ведет к центральному входу, стекают два ручья с рыбами.

Мечеть имени Аймани Кадыровой расположена рядом с комплексом высотных зданий «Аргун-Сити 1» и «Аргун-Сити 2». Вокруг святыни разбит красивый парк. Здесь посажено около ста видов фруктовых деревьев.

*С. Успанов*

ВЕЛИКИЕ ЛЮДИ ИСЛАМА

## АБДУЛ-КАДИР ДЖИЛАНИ

*(да будет доволен им Аллах)*

Абдул-Кадир Джилани (да будет доволен им Аллах) родился в 470 году хиджры (примерно в 1077 году христианского летоисчисления) в иранском городе Джилан, в семье потомков Пророка (да благословит его Аллах и приветствует). Его родословная восходит к Хасану (да будет доволен им Аллах). Его мать Уммуль Хайр Фатимат тоже происходила из хорошего, благородного рода и отличалась прекрасным нравом и старательностью в богослужении.

О высочайшем предназначении Абдул-Кадира Джилани стало известно еще в раннем детстве. В месяце Рамадан днем он отказывался от материнского молока. Весть о том, что в семье Ашрафов родился мальчик, который в грудном возрасте соблюдает пост, распространилась по всей округе. А в следующем году, когда из-за тумана возникли трудности с определением начала месяца Рамадан, горожане пришли к матери маленького Абдул-Кадира, чтобы узнать, берет ли он грудь в этот день. Абдул-Кадир в тот день соблюдал пост, и позже выяснилось, что начало Рамадана приходилось именно на этот день. В дальнейшем выяснилось еще немало таких признаков богобоязненности Абдул-Кадира. В возрасте восемнадцати лет с разрешения матери он отправился в Багдад для продолжения учебы. Мать дала ему сорок золотых монет (динаров) и припрятала их, зашив в рубашке. Провожая сына, Уммуль Хайр Фатимат наказала ему, чтобы он не обманывал никогда. Абдул-Кадир пустился в дорогу с небольшим отрядом спутников. В дороге на них напали разбойники и у всех отняли деньги и другие ценности. Один из разбойников как бы в шутку спросил Абдул-Кадира: «А у тебя, мальчик, есть что-нибудь?». «У меня есть сорок золотых динаров», – ответил он. Разбойник захохотал, подумав, что мальчик шутит. Но когда другой разбойник задал Абдул-Кадиру тот же вопрос и получил такой же ответ, разбойники повели мальчика к своему предводителю. Там они спросили, где спрятаны эти монеты. Он ответил: «Они зашиты в рубашке». Проверив, разбойники убедились, что мальчик говорит правду, и были ошеломлены. «Почему ты сказал нам об этих монетах?» – спросил Абдул-Кадира предводитель разбойников. «Потому что я обещал матери никогда не лгать», – ответил он. Это произвело на разбойника очень большое впечатление, и он заплакал: «Ты не нарушаешь слово, данное матери, а я столько лет нарушал заветы Всевышнего». После этого он произнес тавбу (покаяние) и другие разбойники тоже покаялись.

В Багдаде Абдул-Кадир (да будет доволен им Аллах) познакомился с известными алимами, учился у многих из них и получил высокое образование. Алимы восхищались его умом и высокими знаниями. Он достиг такого уровня, что стал выносить фетвы (решения по религиозным вопросам) по двум мазхабам: Шафии и Ахмада. Все алимы Ирака признавали его фетвы. Однажды ночью Абдул-Кадиру приснился Пророк (да благословит его Аллах и приветствует). Он спросил у алима, почему тот не выступает с проповедями. Абдул-Кадир ответил: «О Посланник Аллаха, я ведь аджами (не араб) и как я могу выступать перед талантливыми алимами Багдада?». Тогда Пророк (да благословит его Аллах и приветствует) открыл его рот, дунул туда семь раз и велел ему проповедовать. Вначале его проповеди слушали два-три человека, затем стало приходить все больше людей. Мечеть уже не вмещала, и он стал выступать на пустыре на окраине города. В конце концов, слушать его проповеди стали приходить более семидесяти тысяч человек. Более пяти тысяч христиан и иудеев приняли Ислам, послушав проповеди шейха, более 100 тысяч мусульман совершили тавбу (покаяние). Все алимы признают, что он один из величайших людей. Умер он в возрасте 89 лет в 1166 г. в Багдаде.

***С-А. Лулуев***

ТIАРИКЪАТ

# ТIАРИКЪАТ ДОВЗИЙТАР

*Бисмиллахиррохьманиррохьим*

←01 Баккъал а, Веза-Сийлахьчу АллахIа дуккха а аяташкахь омра дина дог, са цIандаран агIо ларбе аьлла; Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«Ма декъал а хилла и** (шен дог) **цIандинарг».** «Аш-Шамс», 9.Иштта АллахIа боху: **«Ма декъал а хилла ша** (къинойх) **цIанвелларг».** («Аль-АIла», 14.)

Вукха агIор хьаьжча, тасаввуфо бусалба стаг ихьсанан дарже кхачорах терра, иза динан коьртачу баххех цхьа бух бу, Джабраил-малико Делан Элчанца (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) къамел дар дуьйцучу хьадисехь деана махиллара. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Ихьсан – ахь АллахIана Iибадат дар ду, хьайна Иза гуш волуш санна; хьуна Иза гуш цахиларх, Цунна хьо гуш ву».** Иштта хьал хилча, вайна хии, АллахIа адаме цуьнан дегIана къаьсттина белхаш тIебахкарца омра дина хилар, уьш шина декъе бекъалуш хилар: хьалхара дакъа – цо гуччохь еш йолчу Iамалех хоттаделла ду;шолгIа дакъа –цо къайлаха еш йолчу Iамалех хоттаделла ду. Кхечу кепара аьлча: дегIан гуш йолчу меженех хоттаделла хьукманаш, дегIан къайлах йолчу меженех (дог, са) хоттаделла хьукманаш.

ДегIана тIеехкина йолу Iамалш шина декъе екъалуш ю: хIума тIедилларца дина омранаш; хIума дехкарца дина омранаш. ХIума тIедилларца дина омранаш –ламаз дар, марха кхабар саннарш ду.Ткъа хIума дехкарца дина омранаш –зина дар, хIума лачкъор хьарам дар саннарш ду.

Иштта дегнашна тIеехкина йолу Iамалш шина декъе екъалуш ю: хIума тIедилларца дина омранаш; хIума дехкарца дина омранаш. ХIума тIедилларца дина омранаш –АллахIах, Цуьнан маликех тешар, дог цIена хилар, АллахIана тIе болх буьллуш хилар, АллахIана хьаставалар, бакълуьйш хилар, собаре хилар саннарш ду. Ткъа хIума дехкарца дина омранаш – керсталла дар, мунепакъалла лелор, хьагI лелор хьарам дар саннарш ду.

ХIара шолгIа дакъа вай динехь шена тIетевжаш дерг ду, иза – дегнаша еш йолу Iамалш ю, хIунда аьлча Iалам кхоьллинчу АллахIана Iибадат дарехь дог цIена хилар цунна тIедоьгIна ду, Иза воцчунна и хууш доцуш. Баккъал а, Веза-Сийлахьчу АллахIа гуш йолу Iамалш къобал хилар къайлаха дерг цIена хиларца хоьттина, хIунда аьлча къайлаха дерг доьхна хиларо гуччохь йолу Iамалш йохайо. Веза-Сийлахьчу АллахIа боху: **«Шен Далла хьалха хIотта догдохуш волчо дика Iамал йойла, шен Далла Iибадат дарехь Цуьнца цхьа а накъост ма лоцийла»** («Аль-КахIф», 110).

И ду Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) билгалдинарг, ша олуш: **«Баккъал а, дегIа чохь дилхан цхьа дакъа ду, ша тоделча дерриге а дегI толуш, ша телхича дерриге а дегI телхаш; баккъал а, иза дог ду».** Бухари, Муслим.

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) и аларан бахьана –къематдийнахь цIенчу дагна бен тIетевжийла цахилар ду, Веза-Сийлахьчу АллахIа ма-аллара: **«Даьхнино а, доьзало а пайда бийр боцчу(къемат)дийнахь, Ша цIенчу дагца АллахIана дуьхьал веанчунна бен».** («Аш-ШуIараъ», 88-89).

Вайн эла волчу Мухьаммад-пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: «Баккъал а, АллахI шун догIмашка, шун куьцашка хьоьжуш вац, бакъду, Иза хьоьжуш ву шун дегнашка а, шун Iамалшка а». Муслим.

Вайна билгалдолу, тасаввуф –динан мехала дакъа дIалоцуш долу къаьсттина Iилма хилар; иза – къайлаха долу фикъхI ду, шех къайлаха долу Iилма олуш долу. Иза адамийн догIмийн къайлаха долчуьнца (дог, са) доьзна хьукманаш дуьйцу дакъа ду, иза иштта,Сийлахьчу Къуръано – дог цIандар, сийдолчу Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) – ихьсан аьлла, шен цIе яьккхинарг а ду. Тасаввуфо шена тIе тидам бахийтина долу хIара дакъа шариIатехь мехала, коьрта дакъа ду, шариIат цунна тIедоьгIна а ду.

Цундела, хIокху Iилманан дуккха а Iеламнаха, тасаввуф массарна тIедужуш парз лоруш ду, хIунда аьлча дог цIандар, цунна дарба лелор, шен са дегIан лаамех юхатохар, иза кхиор, цуьнца дог цIандарна тIехь къахьегар, ихьсанан дарже кхачархьама Iамал яр – массарна тIедужучу коьртачу парзех ду. Цунна тIенисвеш Къуръанан дуккха а аяташ, Пайхамаран (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) хьадисаш, Iеламнехан дешнаш ду. Цара юьйцу даго еш йолу Iамалш: деган цIеналла, АллахIах тешар, хаза гIиллакх, бакълер, собаре хилар, АллахIана тIе болх биллар, АллахI хьайна гуш волуш санна Цунна Iибадат дар, моттаргIанаш, цабезам, хьагI, мунепакъалла лелорна генавалар санна.

Баккъал а, Iеламнехан цхьабарт бу, деган цамгарш, сакхташ даккхийчу къинойх лоруш хиларна тIехь.Царна къаьсттина тоба дан деза, хIунда аьлча къайлаха йолу цамгарш кхачаме ю лен Iамалш йохо, уьш мел дукха елахь а.

Воккхачу Iеламстага ибн аль-Iабидинас(Дала къинхетам бойла цунах) шен гIарадаьллачу жайнахь аьлла: «Баккъал а, деган цIеналла, шех тамаш бар, хьагI, моттаргIанаш лелор довзар – массарна тIедужуш парз ду, кхидолу дегIан сакхташ – куралла, сутаралла, цабезам, и саннарш а довзар парз хиларх терра. Адам царах дIакъаьсташ дац, цундела шена оьшучу барамехь царах лаьцна Iамо декхарийлахь ду иза. Шегара сакхталла дIаяьккхар хIоранна тIедужуш парз ду. И тарлуш дац, цуьнан дозанаш, бахьанаш, билгалонаш, дарбанаш а довзарца бен.Баккъал а, воних девзаш воцург оцу чу вужу».

Исламан делил шех олучу имам ГIазалис (Дала къинхетам бойла цунах), ша тасаввуфан некъ теллина, цуьнан жамIаш девзина, цуьнан стоьмех чам баьккхина ваьллачул тIаьхьа, аьлла: «Тасаввуфан Iилма Iамор хIоранна тIедужуш парз ду, хIунда аьлча сакхт доцуш цхьа а вац, пайхамарш (Делера салам-маршалла хуьлда царна) бен».

Абу аль-Хьасан Шазалис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «ХIокху вайн (тасаввуфан)Iилманан коьрта Iалашо цаевзинарг – шена хаа а ца хууш, даккхий къинош летош волуш велла».

Оцу дешан хьокъехь Iеламстага ибн Iаллан ас-Содикъийс (Дала къинхетам бойла цунах) боху: «Баккъал а, Абу аль-Хьасан Шазали ша аьллачу дашехь бакълийна, муьлха стаг ву марха кхобуш, хIай сан ваша, ша кхобучу марханах тамаш ца беш? Муьлха стаг ву ламаз деш, ша дечу ламазах тамаш ца беш? Царах терра ду кхидолу Iибадаташ а».

ХIара некъ дуьзна доцчу синошна тIелаца хала хилча, адамаш декхарийлахь ду хьуьнарца, собарца, къахьегарца а цунах дехьадовла, – шен са АллахIана генадаларх, Цуьнан оьгIазлонех хьалхадаккхархьама.

Iиядан кIанта Фудайла (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: «Нийса некъ схьалацалахь, оцу новкъахь берш кIезиг хиларна са ма гатделахь. Боьхначу новкъа валарх ларлолахь, хIаллакьхилларш дукха бу аьлла Iеха ма лолахь. Хьуо цхьалха хиларна хьан са мосазза гатдели, хьалха бийцинчаьрга хьажалахь, царна тIекхачарна тIехь, уьш боццчарах дIаверзарехь сутара хилалахь, – АллахIа хьуна луш долчу Iазапах хIумма а юхатухур дац цара. Хьайн новкъа воьдучу хьоьга цара мохь тохахь, цаьрга дIа ма хьажалахь. Баккъал а, хьо цаьрга дIахьажахь, цара лоцур ву хьо, вуон болх а бийр бу хьуна».

Ибн Закрис (Дала къинхетам бойла цунах) ша тасаввуфах лаьцна дуьйцуш аьлла:

Цуьнца ду – лай деган
цIеналле кхачар,
Ткъа Iибадатан дог –
Iилма харжарца ду,
Пхийттара ваьллачунна
важиб ду и хаар,
Ткъа цуьнга кхачар –
дика Iамал ярца ду.

Цунах лууш дерг – тасаввуфан Iилма довзар – пхийттара ваьллачу х1ора бусалба стагана тIедужуш парз хилар ду. Цуьнан бахьана – дуккхахьолахь, адам вуочу балхах, моттаргIанаш, хьагI лелорх дIатуьлуш дац.ТIаккха цунна важиб ду оцу балхах ша хьалхавоккхур долу Iилма Iамор.

Вай мел дийцинчух вайна карадо, тассавуф Iилмано бусалба динан агIонех мехала агIо дIалоцуш хилар.Иза – къайлаха долчу Iилманан, дог, са цIандаран агIо ю.Иза – ца хилча йиш йоцу агIо ю, бусалба дин, ийман цуьнца бен кхочуш ца хуьлуш.

ЖамI дича, вайна билгалдолу, хIара тасаввуфан Iилма цIена Iилма хилар, цуьнца Iамал яр массо бусалба стеган декхар хилар.

*(ТIаьхье хир ю)...*

***ХIоттийнарг – доктор Мухьаммад Хойр ФатIимахI***
***Гочдархо – Магамедов Сулиман***

СУННАТАШ А, ПАРЗАШ А

# ЛАМАЗ ІАМАДАР



←01 **Ламаз эцар**

Ламаз эцарх вудуъ олу Іарбийн маттахь. Вудуъ боху дош - хIума хазъяр, къагор бохучунна тIера схьаэцна ду. Ткъа шариIатехь, вудуъ – иза Делан дуьхьа долчу ниййатца дегIан цхьайолу меженаш хица йилар (хихъяхар) ду.

Ламаз дале хьалха ламаз эца деза, хIунда аьлча Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: «Ламаз карахь доцуш дина ламаз къобал хир дац» (Муслим).

Ламаз эца магийна ворхI тайпанчу хица:

1) догIанан хи;
2) хIордан хи;
3) лаьтта тIехула оxьадогIу хи (река);
4) гIунан хи;
5) шовданан хи;
6) лайн хи;
7) шан хи.

**Ламаз эцаран фарзаш**

ХIокху фарзех муьлхха а цхьаъ я масех кхочуш ца дича, ламаз эцар къобал хир дац. Масала, ниййат ца деш эцна ламаз, я ши ког ца буьлуш, я, юьхь йилале, ши пхьарс билина, цул тIаьхьа юьхь йилина, эцна ламазаш къобал хир дац. ХIинца дагардийр ду вай ламаз эцаран фарзаш:

1) Ниййат дар;
2) Юьхь йилар;
3) Голашца цхьаьна ши пхьарс билар;
4) Коьрта тIе хи хьакхар;
5) Хьорканашца цхьаьна ши ког билар;
6) РогIалла ларъяр.

**Ламаз эцаран суннаташ**

Ламаз эцаран суннаташ кхочушдича, мел алсам хир бу. И суннаташ далор ду вай лахахь:

1) Сивак хьакхар;
2) Къилбехьа вирзина ламаз эцар;
3) «БисмиллахIиррохьманиррохьим» алар;
4) Ши куьг дилар;
5) Ниййат дар маттаца чIагIдар;
6) Бага а, мерчу а хи кхарзар;
7) Юьхь йилар хьаьжа тIера доладар; куьйгаш, когаш дилар пIелгийн яккъаш хьакхорца доладар;
8) БIаьргаш хьакхош, юьхь йилар;
9) Хи кхачийтархьама, пIелган мухIар меттахдаккхар;
10) Аьтту меже хьалха йилар;
11) Куьйгийн пIелгаш чуьчча дахийтарца хьакхадар;
12) Меженаш, хьакхош, йилар;
13) Берриге коьртах хи хьакхар;
14) Лергашна чухула, тIехула хи хьакхар;
15) Когийн пIелгийн яккъаш хьакхор;
16) Массо меже кхузза йилар;
17) Маж лилха яккхар (юкъа пIелгаш хьакхарца);
18) Меженаш йиларна юкъа хан ца йолийтар.

**Ламаз эцаран кеп**

1 - «БисмиллахIиррохьманиррохьим. Ас ниййат ди, ламаз эцаран суннаташ кхочушдан, Делан дуьхьа» – аьлла, ши куьг дуьлур ду (кхузза);

2 - Бага хи кхорзур ду аьтту куьйга (кхузза);

3 - Мера чу хи кхорзур ду аьтту куьйга, мара аьрру куьйга цIанбийр бу (кхузза).

Бага, мера чу цхьаьна хи кхарзар бегIийла лерина.

4 - «Ас ниййат ди, ламаз карара далар дIаайа, Делан дуьхьа» я«Ас ниййат ди, ламаз эцаран фарзаш кхочушдан, Делан дуьхьа», – аьлла, ниййат деш, юьхь юьлур ю (кхузза); юьхь юьлуш, хьаьжа тIе, лергийн йистошка, чIенги тIе, лога тIе хи кхачийтар важиб ду. Юьхь йила хьаьжа тIера волалур ву (лакхара охьа). БIаьргийн сенаш хьакхор дика лерина ду.

5 - Голаш цхьаьна аьтту пхьарс буьлур бу, хьалха пIелгийн яккъаш хьакхош (кхузза);

6 - Голаш цхьаьна аьрру пхьарс буьлур бу, хьалха пIелгийн яккъаш хьакхош (кхузза);

7 - Коьртана масхьу деш, керлачу хица тIадийна ши куьг коьртах хьоккур ду (кхузза);

8 - Юха а ши куьг тIадийна, чухула(хьажо пIелгаца), тIехула(нана пIелгаца) лергаш дуьлур ду (кхузза);

9 - Хьорка а цхьаьна аьтту ког буьлур бу, пIелгийн яккъаш хьакхош (кхузза);

10 - Хьорка а цхьаьна аьрру ког буьлур бу, пIелгийн яккъаш хьакхош (кхузза).

Ала догIу, ламаз эцаран рогIалла ларъян езарх. Масала, юьхь йилале коьртана масхьу деш ламаз эцахь (башхалла яц: вицвелла я хаа а хууш дойла цо и), и ламаз эцар къобал хир дац. Ша йилаза йисина меже юьлуш, кхидIа эца деза цо ламаз. Иштта суннат ду, ламаз оьцуш меженаш йиларна юкъа хан ца йолийтар, юьхь юьлуш хи хьаьжал лакха кхачийтар, пхьаьрсаш, когаш хьорканел лекха билар.

Ламаз эцар тIера долу (эцнарг лору) хIокху шина хьолехь:

– ламаз эца (я хи тIера даккха) ниййат дина, дерриг дегI хьулдеш хи буха таьIча;

– хи тIера доккхуш лийчича. Хи тIедоьжча, ламаз эцна воцуш лийчича, ламаз эцнарг лору, нагахь санна луьйчучу хенахь шен бехкечу меттигех куьг ца хьакхадалийтахь, дегIах мох, цхьа тIуно, боьхалла ара ца ялийтахь. Амма рузбанан, Іийдан деношкахь лийчарх (суннатан лийчар)ламаз карахь хуьлуш дац, нагахь ламаз эца ниййат ца динехь.

**Ламаз эцаран карахIаташ (нежелательное)**

- тIех сов хи дайар (хина исраф дар) дика ца лерина ламаз оьцуш;
- кхаьннал сов меже йилар;
- ламаз эцалуш волуш, кхечуьнга шена гIодайтар;
- аьрру меже хьалха йилар;
- бага, мерчу хикхарзарехь марха долуш верг соввийлар;
- боьхачу меттехь ламаз эцар;
- юьхьах хи деттар;
- бехказло йоцуш, йилинчу меженна гатахьакхар;
- ламаз оьцуш волуш,къамел дар.

**Ламаз эцна ваьлча, хIара доIа дар суннат ду**

АшхIаду ал-ла́ ила́хIа иллалло́хIу вахьдахIу ла́ шари́ка лахIу, ва ашхIаду анна Мухьаммадан IабдухIу́ ва росу́лухIу. Алло́хIуммажIальни́ минат-тавва́би́на, важIальни́ миналь-мутатIоххIири́на (Ас тоьшалла до, АллахI воцург, кхин Дела вац аьлла; Ша цхьаъ ву Иза, Шеца накъост воцуш. Ас тIаккха а тоьшалла до, Мухьаммад Цуьнан лай а, Элча а ву аьлла. Везан Дела, со тоба диначарах а, цIано йиначарах а вехьа).

**Ламаз карара долу хIуманаш**

Ламаз карара долу деа хIуманца:

1) бехке меттехула (хьалхахула, тIехьахула) хIума (боьхалла, хьатI, цIий, мох) араяларца;

2) Хьекъал чуьра валарца – эгIийна я хорша еана хилча, я вехха, я цамгарца, я тевжина волуш наб кхетарца.Амма хиьна волуш наб озаярх ламаз карара ца долу.

3) Стаг шен зудчух я кхечу арахьарчу(хийрачу) зудчух (юккъехь пардо а доцуш) хьакхаваларца. Амма стеган я зудчун мIара, месаш, церг хьакхаяларх, ламаз карара долуш дац.Дуккха нах гулбеллачохь, куьг кхеттарг стаг я зуда (муьлхарниг ду) ца хиънехь а, ламаз карара ца долу;

4) Стаг шен я кхечун бехкечу меттигах куьйган керакъюкъца, пIелгийн чоьхьенашца хьакхавелча. Башхалла яц – стаг жима я воккха, дийна я велла хилар (и хIинцца дина бер делахь); цуьнан бехкечу меттигех хьакхавелча (хаа а хууш я вицвелла), ламаз карара долуш ду. Ламаз карара дер дац, куьйган тIехула йолу агIо, пIелгийн буьхьигаш, я (куьг доцург) кхийолу дегIан меже бехкечу меттигах хьакхаялархь. Иштта, ламаз карара ца долу, хьайбанан бехкечу меттигах хьакхавелча.

*ХIоттийнарг – Илесов Іелин Іарби*

# ЖАМІАТЕХЬ ЛАМАЗ ДАРАН ДОЗАЛЛА

←01 Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Шен цIахь ламаз а эцна, цул тIаьхьа АллахIан хIусамех цхьана цIачу ваханарг милла велахь а, АллахIан парзах цхьа парз кхочуш дан, цо цига воьдуш бахьна когаш хир бу, цхьаьнца вон дIадоккхуш, вукхуьнца даржехь ойбуш» (Муслим).

Іусмана (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: «Ша эца ма деззара ламаз а эцна, цул тIаьхьа маьждиге вахана имамана тIаьхьахIоьттина ламаз динарг, цуьнан къинош гечдина ду» (Ибн Хузаймат).

Маьждигехь жамIатца ламаз деш цхьа тоба яцахь, ерриг а юрт Далла Іеса хилла ю. Абу Дардаа (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: «Кхо стаг хир ма вац юртахь, я аренахь, шайна юккъехь жамIатца ламаз ца хIоттош, шайтIано царна тIехь толам боккхуш а бен. ТIаккха шун декхар ду жамIатца хилар, баккъал а, барзо жанах гена баьлла дIакъаьстинарг буу» (Абу Давуд).

Анаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Шовзткъа дийнахь маьждигехь жамIатца ламаз динарг, ламаз дехкаран такбире ша кхуьуш, цунна язбо ши тешам: жоьжахатах хьалхавитаран тешам, мунепакъ цахиларан тешам» (Тирмизи).

Маьждигехь жамIатца ламаз дан ниййат долуш араваьлларг ял йоцуш ца вуьсу, оцу ламазе иза ца кхиъ нехь а.

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Ша эца ма деззара ламаз эцна маьждиге ваханарг, тIаккха нах ламаз дина бевлла цунна карийча, Дала цунна ламаз динчарна, маьждиге баьхкинчарна йоллу ял лур ю, церан йолах хIумма а эша ца еш» (Абу Давуд).

Лераме вежарий! Бусалба дино вай сутара до ламаз жамIатца дарна тIехь. Цо вайн безам тIебохуьйту къаьсттина Іуьйра а, пхьуьйра а ламазаш маьждигехь жамIатца дарна. Дала вайна ерриг буьйса Іамал еш денъяран мел язбо, и ши ламаз жамIатца дича.

Іаффанан кIанта Іусмана (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: «Пхьуьйра ламаз жамIатца динарг – ах буьйса ламазехь яккхинчух терра ву. Іуьйра ламаз жамIатца динарг – ерриг буьйса ламаз деш яккхинчух терра ву» (Муслим).

Іумаран кIанта (Дела реза хуьлда цунна) аьлла: «Іуьйра ламазехь, пхьуьйра ламазехь цхьа стаг тхайна (маьждигехь) ца карийча, цунах лаьцна вон ойла кхоллалора тхан» (Тiабарани).

Абу Дардаа (Дела реза хуьлда цунна) ша вала герга ваханчу хенахь элира: «Ас шуна дуьйцур ду Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) дуьйцуш сайна хезнарг. Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезна суна: «АллахIана Іибадат де ахь, хьайна Иза гуш волуш санна. Хьуна Иза гуш вацахь а, Цунна хьо гуш ма ву. Беллачаьрна юккъехь хьо вагарве ахь, айхьа зулам динчун доIанах (сардамах) ларло хьо, иза шена жоп луш ду хьуна. Іуьйра а, пхьуьйра а ламазе ваха ницкъ кхочуш верг – цига гIойла, текхаш вахна а» (Тiабарани).



Іуьйра ламаз жамIатехь динарг Дала Іалашвеш хуьлу. Джундубан кIанта Самурата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Іуьйра ламаз (жамIатехь) динарг, иза Веза-Сийлахьчу Дала Іалашвеш ву» (Ибн МажахI).

СаIдан кIанта СахIла (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) олуш хезира шена, аьлла: «Боданашкахь маьждиге боьлхучу нахе кхаъ баккха ахь, къематдийнахь царна кхоччуш нур хир ду, аьлла». Ибн МажахI.

Маликан кIанта Анаса (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «ЖамIатехь Іуьйра ламаз а дина, тIаккха малх схьакхетталц АллахI хьехо охьахиъна, цул тIаьхьа ши ракаIат суннат ламаз динчунна – хьаьж, Іумрат динччул ял хир ю». Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира: «Кхоччуш, кхоччуш, кхоччуш» (Тирмизи).

Іуьйра а, пхьуьйра а ламазаш маьждигехь жамIатца деш волчунна мунепакъалла тIедогIур дац. Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлда цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) элира, аьлла: «Іуьйра ламазал, пхьуьйра ламазал мунепакъ нахана хала долуш цхьа а ламаз ма дац. Оцу шина ламазехь дерг (цу шиннан дозалла) царна хиъча, оцу шина ламазе (жамIатца дан) гIур ма бара уьш, текхаш бахана а. Суна дагадеара, молалла кхойкхуш волчуьнга ламаз дIахIотто омра дан, тIаккха цIеран алу схьа а эцна, ламазе ца баьхкинчарна цIейилла». Бухари.

Лераме махкахой! Тахана вайн махкахь дуккха а маьждигаш дина, хазачу куьцахь а долуш. Бакъду, оцу чохь ламазаш дарца, Къуръан дешарца, хьехамаш барца бен кхочуш ца хуьлу церан хазалла. Тахана Дала вайна еллачу паргIатонна вай пусар деш ца хилахь, Дала цунах вай хьего герга ду.

Сан весет ду вежаршка, шайн ницкъ кхачаран барамехь ламазаш маьждигехь жамIатца де аьлла.

Веза-Сийлахьчу Дала ийман, хьекъал лойла вайна, шайна чохь жамIатца ламазаш дар бахьанехь маьждигаш дендан.

*Магамедов Сулиман*

ХАТТАРШ А, ЖОЬПАШ А – ШАРИIАТЦА

**Шен нана цомгаш ю, цунна догIуш долу пенси схьаоьций, дас схьа ца ло, цунах лаций алахьара бохуш, доьху.**



Оцу дена тIехь ду шен доьзална напха латтор. Оцу напхина юкъадогIу шен зудчунна молха (дарба) латтор, цомгаш елахь, больнице йигар, лор хьажийтар. И дерриге шена тIе а лаьцна, хIусамненан хьашташ кхочушдеш иза велахь, хIусамдена мегаш ду цуьнан ахчанах пайдаэца. Амма шен зудчунна эшам беш иза велахь, и ахча карахь сацон мегар дац, хIунда аьлча, шен зудчун дола дан декхарийлахь ву иза.

**ЦIийндас зуда дIайохуьйту, цомгаш ю, дечу гIуллакхна хьуьнаре яц олий. Иза къилахь дуй?**



Доьзалхо дуьнен тIе волуш цамгар кхетта йолу зуда кхобуш Іаш ву тхан юьртара цхьа стаг. Ткъе итт шо кхаьчна и зуда цомгаш йолу, дегIан дола далуш яц иза. Ерриг юрт а шех цецйолуш, оцу зудчун хаза доладеш схьавогIу и стаг, шена хуьлуш болу эшам, цатам ца буьйцуш. Шена ялсамане яккхар ду иза. Делан къинхетам а, адмийн баркалла а доккхуш ву иза. Оцу кепара вовшашка хьовсар иманах ду, доьналлех ду, стогаллех ду. Стаг а, зуда а кIелвисинчуьнга хьожуш хила деза, вовшийн дола дан деза цара. Уьш вовшашка ца хьаьвсича, цара вовшийн дола ца дича, сий ца дича, наха а тIехтухур ду царна. Юьхьдуьххьул ца алахь а, букъ тоьхтоьхначохь дуьйцур ду, нах дош ала бен бац. Могаш а, хаза а болчу хенахь ма мегна уьш вовшашна. Муьлхха а цамгар Делера ю. Оьзда болчу наха моссо а хенахь вовшашна дола дина, гIора дерг кIелвисинчуьнга а хьожуш. Оцу кепара йолу оьздангалла Дала совйоккхуьйла вайн халкъехь!

**Доьзалхочуьнгара цхьа ледарло яьлла, дас дов дича, къадехарх, сардамаш дехкарх лаций дийца боху.**



Шен доьзалан хьокъехь дас-нанас деш долу доIа а пайхамарша шайн умматана деш долу доIа санна, жоп луш хир ду аьлла ду. Иштта жоп луш хилча, къа деха муха мегар ду, оьхазваханчу дас човхийнера аьлла? И къа ца деха лазош тоха мегар ду, сакхталла ца йисчахьана. Къа ма деха, кхетош къамел де. Ас сайн доьзалехь дIахIоттийна юкъаметтигаш иштта ю – тоьхна вуьтур вацара-те, къамел а ца деш? Бехк болчуьнга цунна эхь хетталц, бIаьргех хи даллалц кхетош къамел дина ас. Иштта хила езаш ю доьзалца йолу юкъаметтиг. Сардамаш дохка ца деза, къа деха ца деза. Дас къадехча, цуьнан амал бераша схьаоьцур ю, цунах масал оьцур ду, тIаьхьено тIаьхьене а луш, дIагIур ду иза, цуьнах бохам хир бу вайн дерриге халкъана а. «Дала кхетам лойла хьуна! Дала нисвойла хьо!» олуш, кхетош къамел дан деза.

**Цхьаволу стаг, шен хIусамнанас аьлларг деш, шен дена-нанна а, вежаршна а, йижаршна а дуьхьал волу. Стаг оцу хьоле валар иза лартIехь цахилар ду. Иза меттавалоран Іалашонца хIун дан деза?**

Кертахь хьекъале а, кхетам болу а несарий нисбелча, вежарийн барт хилла аьлла вайн дайша. Хьекъал доцуш, иман доцуш болу зударий керта баьхкича, хьекъале а, доьналле а болчу вежарийн барт бохийна аьлла вайн дайша. Барт беш берш а, и барт бохош берш а зударий бу. Шен хIилланцаговзаллица зудчуьнга дукха хIума дало. ЦIийнден керта ша яхча, цигахь болчеран баха меттиг йоций а хууш, цаьрца таръяла хьажа еза иза. ТIаккха марвежарех накъостий а, марйижарех йижарий а хир бу цунна, эшна метиг ялахь, цунна карор бу уьш. Цхьана ханна ша цIийнда Іехийча, ша тоьлла яьлла моьттуш хуьлу цхьа йолу зуда. Цо шена беш берг боккха эшам бу. ХIунда аьлча, церан доьзал кхуьу, шайн ден-ненан юкъаметтиге а хьовсу бераш, цу шимма вовшийн деш долу сий гуш болчу цара иштта сий до шайн ден а, ненан а.

*Хаттаршна жоьпаш делла КЪКФО-н Іелимнехан кхеташонан куьйгалхочо Кадыров Хож-Ахьмад-Хьаьжас.*

СЕМЬЯ И ДЕТИ

# РАДОВАТЬ СИРОТУ

Сари Сакати рассказывал:

«Однажды в праздничный день я увидел, как Ма`руф Кархи собирал на улице финиковые косточки. Я спросил, что он собирается с ними делать? Он ответил: «На улице я увидел плачущего мальчика. Когда я подошел и спросил, почему он плачет, он ответил, что сирота, и у него нет одежды и игрушек, как у его товарищей. И опять начал плакать. Это очень расстроило меня. Поэтому я собираю косточки, чтобы продать их и купить ему ту одежду и игрушки, которые он захочет».

Я был растроган рассказом шейха и просил его: «Если Вы позволите, я сам займусь сиротой, будьте спокойны!»

Потом я пошел к сироте и приобрел для него все, в чем он нуждался. То божественное вдохновение, которого удостоился Сари Сакати посредством этого праведного деяния, он описывал так:

«Через благо этого деяния мое сердце озарилось нуром, благодаря которому я удостоился прекрасных духовных состояний и божественного наслаждения».

**Вывод**

Доставлять радость и оказывать помощь сиротам является поощряемым религий праведным поступком. В словах Посланника Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) заключена благая весть, вдохновляющая любящие сердца: «Тот, кто будет оказывать покровительство сироте из своих близких или из чужих, будет в раю рядом со мной вот так».

Малик бин Анас, передавший этот хадис, показал соединенные указательный и средний палец, как это сделал Пророк (да благословит его Аллах и приветствует), когда произносил эти слова (Муслим, Зухд, 42).

В другом благородном говорится:

«Кто ради Аллаха погладит по головке сироту, на его счет будет записано столько наград, сколько волос на голове сироты» (Ахмад бин Ханбаль, Муснаб, V/250).

Выражение «погладит по головке сироту» подразумевает содействие в материальных и духовных нуждах сироты.

*Осман Нури Топбаш*

## ИСЛАМАН НУЬРЕХЬ

# АДАМ-ПАЙХАМАР
*(Делера салам хуьлда цунна)*

Веза-Сийлахьчу Дала боху Сийлахьчу Къуръана чохь: **«Хьан Дала маликашка аьлла хан хьахае ахь: «Баккъала а, лаьтта тIехь халиф** (белхаш дIакхоьхьуш верг) **кхолла воллу Со». Цара элира тIаккха: «Ахь кхуллу оцу тIехь бохамаш бийр берг, цIий Iенор дерг, тхо Хьуна хастам барца тасбихь деш ма ду** (субхьáналлóхIи ва бихьамдихIи, – олуш)**, Хьо цIанвеш а ма ду** (Хьоьца там боцчух)». **Цо** (Дала) **элира: «Суна хаьа шуна цахуург»**.
«Аль-Бакъарат», 30.

Iамран кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлда цаьршинна) аьлла: **«Адам-пайхамар** (Делера салам хуьлда цунна) **кхоллале ши эзар шо хьалха кхоьллина хилла жинаш; уьш вовшийн цIий Iено дуьйладелча, Дала маликийн эскар дахийтина царна тIе, цара уьш хIордан гIайренашка лаьхкина»**. Маликаша шаьш Деле аьлларг адамашца хьагI лаьцна ца аьлла, оцу жинаша сана адамаша а бохамаш барна кхоьруш, аьлла.

Массо кепара беснаш долу латта а даййтина, тайп-тайпана хишца хьен а хьийна, Адаман (Делера салам хуьлда цунна) куц хIоттийна Дала.

Цуьнан кхоллар кхочуш а дина, Дала цунна чу са далийча, Адама(Делера салам хуьлда цунна) хьоршам туьйхира. Уллехь долчу маликаша цуьнга элира: **«Альхьамдулиллáхl** (АллахIана хастам бу) **ала»**. Адама (Делера салам хуьлда цунна) иза аьлча, Веза-Сийлахьчу Дала элира: **«Рохьимака роббука** (Хьан Дала къинхетам бойла хьох)», – аьлла. ТIаккха Дала Адаме (Делера салам хуьлда цунна) омра дира, уллехь долчу маликашка салам ло, цара хьайна бечу лераме ладогIа, аьлла. Адама (Делера салам хуьлда цунна) цаьрга: **«Ассалáму Iалайкум»**, – аьлла, салам делира. Маликаша цуьнгара салам схьаийцира: **«Ва Iалайкассалáму ва рохьматуллóхI»**, – аьлла. ТIаккха Дала Адаме (Делера салам хуьлда цунна) элира: **«Ахь а, хьан тIаьхьено а вовшашна юккъехь бан беза лерам бу иза»**.

Цул тIаьхьа Дала маликашка омра дира, Адамна (Делера салам хуьлда цунна) лерамбеш сужда де, аьлла. Веза-Сийлахьчу Дала боху Сийдолчу Къуръана чохь: **«Дерриге а маликаш суждане дахара, Иблис доцург, цо куралла йира, и керсталла динчарах хилира. Цо** (Дала) **элира:«ХIай Иблис, Ас кхоьллинчунна сужда дарх хьо юхатоьхнарг хIун ду, курадаьлла хьо я хьуо лакхара хета хьуна?» Цо** (Иблисо) **элира: «Со цул** (Адамал) **дика ду. Ахь со цIарах кхоьллина, иза поппарх кхоьллина». Цо** (Дала) **элира: «Арадала цу** (ялсамани) **чуьра. Баккъал а, хьо** (тIулгаш детташ) **эккхийна ду. Баккъала а, хьуна Сан неIалт ду бекхаман де даллац». «Цо** (Иблисо) **элира: «Суна хан лохьа, уьш (нах) юхаденбийр болу де тIекхаччалц (къематде тIекхаччалц хIаллак ца деш дитахь со)». Цо** (Дала) **элира: «Баккъал а, хьо хьайна хан еллачарах ду, билгалйинчу хенан дийне кхаччалц». Цо** (Иблисо) **элира: «Хьан возаллех дуй буу ас, уьш берриге а тилоза Iийр ма дац со, царах Хьан цIена леш боцурш». Цо** (Дала) **элира: «Баккъал а, бакъдерг олу Ас, жоьжахати юзаза Iийр ма вац Со хьох а, царах хьуна тIаьхьа мел хIоьттинчух а».** «Сод», 73-85.

Дала Адамна (Делера салам хуьлда цунна) ерриге а хIуманийн цIераш хаийтира, Шен маликашна а ца хууш йолу. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Цо** (Дала) **Iамийра Адамна ерриге а хIуманийн цIераш, тIаккха гайтира уьш маликашна. Цо элира: «Аш суна йийца хIокху хIуманийн цIераш, шаьш бакълуьйш делахь. Цара** (маликаша) **элира: «Хьоьца там боцчух цIена ву Хьо, тхо хууш ма дац Ахь тхуна хаийтинарг бен. Баккъал а, Хьо ву-кх Хууш верг а, массо хIума нийса деш верг а».** «Аль-Бакъарат», 31-32.

Адам (Делера салам хуьлда цунна) ялсамани чохь сагатлуш лелаш хилла,оцу чохь шеца цхьа а ца хиларна. Цхьана дийнахь набарха ваьлча, шен коьртехь хиъна Iаш зуда (Хьава) карийра цунна, Дала цуьнан аьрру пIенданах Ша кхоьллина йолу. Ялсамани чохь мел долу даар Дала цаьршинна хьанал дира, цхьа стом боцург. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оха элира: «ХIай Адам, вехаш Iе хьо а, хьан зуда** (Хьава) **а ялсамани чохь, ашшимма даа цу чуьра шорта** (рицкъа), **шаьшшинна луъучу меттехь, амма шуьшиъ герга ма хила хIокху диттана, зулам динчарах хир ду шуьшиъ тIаккха».** «Аль-Бакъарат», 35.

Иблисо (шайтIано) Iехийра и шиъ, цо дуй биира,ша цаьршинна хьехар деш ду, аьлла. ТIаккха Дала ма баа аьлла стом биира цаьршимма, и бахьанехь ялсамани чуьра арадаьккхира и шиъ. Дала Адамна (Делера салам хуьлда цунна) дагатесира тоба даран дешнаш, тIаккха Адама (Делера салам хуьлда цунна) элира: **«Тхан Дела, оха зулам дина тхайн догIмашна, Ахь тхуна геч ца дахь, тхох къинхетам ца бахь, баккъал а, тхо хир ду эшначарах».**«Аль-АIраф», 23.

Дала цаьршиннан тоба къобалдира, лаьтта тIехь цаьршинна даха меттиг а билгалйира Цо.Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оха элира: «Оцу** (ялсамани) **чуьра охьадисса шу дерриге а, Соьгара нийсо шуьга кхачахь, Сан нийсонна тIаьхьабаьзначарна кхерам хир бац, я гIайгIане а хир бац уьш** (эхартахь)**».** «Аль-Бакъарат», 38.

Дала цунна дуьненан дахарехь оьшуш йолу говзалла Iамийра. Адам-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) эзар шарахь вехира дуьненчохь, цуьнан доьзала хилира: 20 кIанттий, 20 йоIИй. Царах хьалхара доьзалхо Къабил вара. ХьагI лаьцна шен ваша ХIабил вийра цо. Адам-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна), цуьнан доьзало еш йолу Iамал – Дела цхьаъвеш, Далла гергавуьгуш йолу (гIурба дер) Iамал яра. Къабил ялта кхиош вара, ткъа ХIабил жа кхобуш вара. ХIабила, Далла герга хуьлуш, гIурба дийра, шен жа юкъара уггаре гIоли болу уьстагI хаьржина, ткъа Къабила шен ялтанах уггаре а ледарниг гIурбанна хаьржира. Цlена нийат долчу ХIабилан гIурба Дала къобалдира, сутара волчу Къабилан гIурба къобал ца деш дитира. И бахьанехь Къабила хьагI а лаьцна, шен ваша ХIабил вийра. Дала Адаман (Делера салам хуьлда цунна) дог хьостуш, беркате доьзалхо велира цунна, Шис цIе йолуш. Дала цунах пайхамар вира, цуьнга 50 жайна а доссийра. Адам-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) дIакхелхинчул тIаьхьа нахана тIехь нийсонца куьйгалла дира цо. Цара ян еза Iамал билгалйира цо, заманан хьесап дар а (дебуьйса дагардар) Iамийра.

### ХIокху вай дийцинчух схьалаца дезарг

1. Ша цхьа хIума дале хьалха, сийдолчарах дагавалар дика хилар.
2. **Субхьáналлóхlи ва бихьамдихIи** – деза тасбихь хилар, Дала Шен маликашна хаьржина долу.
3. Хьоршам тоьхначо **«Альхьамдулиллáхl** (АллахIана хастам бу)» алар, иза хезначо **«Йархьамукаллóхl** (Дала къинхетам бойла хьох)» алар, – бусалба нехан декхар хилар.
4. Бусалба нахана юккъехь болу лерам **«Ассалáму Iалайкум»**, – аьлла, салам даларца хилар.
5. Салам схьаоьцуш верг **«Ва Iалайкумус-салáму ва рохьматуллóхl»**, – аьлла соввалар – мела хиларехь деза хилар.
6. Дала адамаш даздина хилар - вайн да Адам (Делера салам хуьлда цунна) Ша кхолларца, маликашка цунна сужда дайтарца.
7. Адамийн уггар а воккха мостагI – Иблис (шайтIа) хилар.
8. Куралла – Далла цаезна амал хилар, и бахьанехь Иблис (шайтIа) Дала Шен къинхетамах генадаьккхина хилар а.
9. Шегара къа даьллачо, дохко а ваьлла, Деле шена гечдар доьхуш тоба дича, Дала цунна гечдеш хилар.
10. Iамал къобал хиларан коьрта бехкам – цIена нийат долуш, Делан дуьхьа и ян езаш хилар.
11. ХьагI лацар – адам тилош, иза зулам дарна тIедуьгуш некъ хилар.

# ИДРИС-ПАЙХАМАР
*(Делера салам хуьлда цунна)*

Веза-Сийлахьчу Дала Къуръана чохь боху: **«Ахь хьахаве жайнахь Идрис, баккъал а, иза вара бакълуьйш верг а, пайхамар а. Оха иза хьалаваьккхира лакхарчу меттиге».** «Марьям», 56-57.

Идрис (Делера салам хуьлда цунна) дуьнен чу ваьлла, Адам-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) дийна а волуш. Жима волуш дуьйна Iибадат деш, дикачу нахаца охьахуьйшуш, цаьрца цхьана хан йоккхуш а хилла иза. Адам-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) дийна а волуш 308 шарахь ваьхна Идрис (Делера салам хуьлда цунна). Шен куьйга доккхучу рицкъанах хене волуш хилла иза. Дала цунна хIума тегаран говзалла елла хилла. Уггаре а хьалха бедарш тегнарг, уьш тIеюьйхинарг Идрис-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) ву. Цул хьалха бежанийн а, уьстагIийн цIоканаш лелош хилла адамаша. Адам-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна), цул тIаьхьа цуьнан кIант Шис а (Делера салам хуьлда цунна) дIакхелхинчул тIаьхьа, Дала Идрисах (Делера салам хуьлда цунна) пайхамар вира. Дуьнен чохь угаре а хьалха къоламца йоза яздинарг, нахана яздан Iамийнарг Идрис-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) ву. Цул сов, терза озар а, хIума юстар а, седарчийн Iилма а Идрис-пайхамара (Делера салам хуьлда цунна) гучудаьккхина. Шис-пайхамаран (Делера салам хуьлда цунна) шариIатца хьукма а деш вехаш хилла иза а, цуьнан къам а. Веза-Сийлахьчу Дала цуьнга 30 жайна доссийна. Къабилан тIаьхье жIарашна Iибадат деш а, бехк боцчу нехан цIий Iенорца лаьтта тIехь зулам даржош а хилла.Адамашна юккъехь бохамаш бар алсамдаьлча, Идриса (Делера салам хуьлда цунна), Делан пурбанца, кхидолу хьукманаш (законаш) юкъадаьхна. Доккха эскар, тIеман гIирс кечбина, Къабилан тIаьхьенах болчу нахана дуьхьал гIазотан тIом кхайкхийра цо. Идрис-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) дIакхелхинчул тIаьхьа Дала кхин пайхамар ца вохуьйтуш, еххачу заманахь дехира адамаш. Идрис-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) кхалхаран хьокъехь тайп-тайпана дийцарш даьхкина. Цхьаболчу Iеламнаха: **«Оха иза хьалаваьккхира лакхарчу меттиге»**, – бохуш долчу Делан дешан маьIна дина: **«ЙоьалгIачу стигала хьалаваьккхина иза, тIаккха саоьцучу малико саэцна цуьнан»**, – аьлла. Хьасан Аль-Басрис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Дала ялсамани чу вахийтина иза»**. Адам-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) дIакхелхинчул тIаьхьа кхин 1000 шарахь Дела цхьаъ варан Iибадатах цахедаш схьадеара адам. Бакъду, де дийне мел долу зуламаш совдуьйлуш лаьттира царна юккъехь, Нухь-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) царна вайтталц.

### ХIокху вай дийцинчух схьалаца дезарг

1. Адам-пайхамар(Делера салам хуьлда цунна) волчу заманахь вехаш хилар бахьанехь, Идриса (Делера салам хуьлда цунна) цуьнгара хьекъал а, говзалла а Iамийна хилар.
2. Жималлехь дуьйна Iибадат деш, дикачу нахаца охьахуьйшуш, цаьрца цхьаьна хан йоккхуш иза хьалакхиъна хилар.
3. Шен куьйга даьккхина хьанал рицкъа дууш иза ваьхна хилар.
4. Уггаре а хьалха йоза яздинарг, цул тIаьхьа и дIахьехнарг Идрис-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) хилар.
5. Веза-Сийлахьчу Дала Идрис-пайхамаре(Делера салам хуьлда цунна) 30 жайна доссорца, иза дийна а волуш, ялсамани чу вахийтарца, цуьнан лерам бина хилар.
6. Терза озар а, хIума юстар а, седарчийн Iилма а Идрис-пайхамара (Делера салам хуьлийла цунна) гучудаьккхина хилар.
7. Дала хьарам дина хIуманаш лелош болчарна дуьхьал угаре а хьалха тIом кхайкхийнарг, тIеман гIирс кечбинарг Идрис-пайхамар (Делера салам хуьлда цунна) хилар.
8. **Цуьнан пайхамараллин коьрта Iалашо – цо адамаш Дела цхьаъ варан дине кхойкхуш хилар.**

*Магамедов Рахьманан Сулиман*

## КХЕТОШ-КХИОР

# СИЙ ЛАРДАР

Дуьнен чохь уггар дезаниг сий лоруш хилла Нохчаша. Гуттар а сий лардеш баьхна уьш. И дан ца дайтина цара, уггар лакхарчу метте диллина, лардина. Цу сийнна т1екхевдинарг сийсаз а вина, цуьнан сий а дайина. Тахана а иштта бехаш а бу бакъболу Нохчий. Нохчашна цкъа а ца хилла сийнал лекхара х1умма а, и сий лардеш вала, ван кийча хилла нохчи даима а. Сий дайначул т1аьхьа вахаран маь1на д1адолий хууш хилла царна. Цундела, къилба санна и лардина массо а хенахь. Мел ницкъ болуш хиларх, мел хьолада хиларх, сийнна т1е кхевдинехь, и жоьпе озош а хилла, оцу жоьпаллех и волуьйтуш а ца хилла. Цуьнгара хьакъ ма-дду жоп доьхуш хилла: тухуш хилла, 1уттуш хилла, вуьйш-воккхуш хилла. Цундела, вовшийн сий лардеш а хилла, ц1арах санна, нехан сийнах ларлуш а хилла, ц1аро санна, шаьш нехан сийнах хьакхалахь, цо дагор дуй а, цо доттур дуй а хууш а хилла нахана. Тахханалц иштта схьа а деана иза вайн халкъана юкъахь. И ца хуучунна, хаийта дезаш а, хуучунна юха а карладаккха дезаш а ду!

Шен сий доцург бен кхевдар вац нехан сийнна т1е. Шен цхьа х1ума доцчунна бен ца оьшу и х1ума. И цуьнан дацара аьлла, цхьа а т1екхуьйдуьйтуш х1ума яц сий. Сийдахарал лакхара х1ума ю. Сийнна т1екховдарх ларвала веза!

*Банжаев Аьрзу*

## ИСЛАМСКИ IИЛМА

# БУСАЛБА НАХА ДУЬНЕНАН IИЛМАНЕХЬ ЙИТИНА ЛАР

### АСТРОНОМИ

Дуьне малхана гонаха хьийзаш хилар дуьххьара билгалдаьккхинарш Iилманчаш-Ибн аш-Шатир, Насир ад-Дин ат-Туси, иштта Шараф ад-Дин ат-Туси ву. Цара кхин а




тобина «астроляби» олу стигалш толлу гIирс. Оцу гIирсаца билгалдахалуш хилла седарчий долу меттигаш а, царна юкъара барамаш а.

***

Малха тIехь таммагIаш хилар дуьххьара билгалдаьккхинарг Iилманча Абуль-Iаббас Ахьмад ибн Мухьаммад аль-Фергани ву. Цуьнан Iилманан белхаш Европехь вархI бIе шарахь дешаран пособехь лелийна. Европехь Альфраганус цIарца вевзаш хилла ву иза, ткъа малхбалехь Хьасиба санна.

### ХИМИ

Хими Iилманан бухбиллархо лоруш ву бархIалгIачу бIешарахь ваьхна волу Джабир ибн Хаян, Европехь Гебер цIарца вевза иза. Дуьххьара тайп-тайпана химин операцеш билгалъяхна цо: чекхдаккхар (перегонка), кристализаци, дерзар (возгонка), иэдалар (растворение), иштта цхьамогIа химичеки препараташ: гоьтти, нашатырь, базаран ачо... Дуьххьара шен Iилманан белхашца Джабир ибн Хаяна кхетам белла окисленех а.

### МЕДИЦИНА

Малхбузехь «Авиценна» цIарцIа вевзаш ву Абу Iали Хьусейн ибн IабдуллахI ибн аль-Хьасан ибн Сина. Йовлуш йолу цамгарш дуьххьара билгалъяьхнарг ву иза, иштта дуьххьара анестези билгалъяккхарехь а хьалхе яьккхина цо. Кхин а дуккха а тидамаш бина цо медицинехь. «Лоьрийн Iилманан бакъонаш» аьллачу Iилманан белхан автор а ву иза. Европехь, мединституташкахь пайдаоьцуш хилла ю и книга. Бецийн дарбанаш дуьйцуш язбина белхаш а бац цуьнан кIезиг.

***

Дуьххьара онкологин цамгарна операци йинарг Iилманча Iали ибн Аббас ву, «Китабуль-Маликий» (Лоьрийн а дерриге Iилманийн книга) цIе йолчу медицинин энциклопедин автор ву иза. Оцу книги тIехь дуккха а цамгарш билгалъяхна автора: диетологи, фармологи, капиллярни система…

*Х. Агаев*

## ХАДИСЫ



# ПРОЩЕНИЕ ДОЛГА БЕДНЯКУ

Передают со слов Хузайфы (да будет доволен им Аллах), что Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «К одному человеку, что жил до вас, пришел ангел смерти, чтобы забрать его душу, и спросил: «Сделал ли ты что-нибудь хорошее?». Человек ответил: «Не знаю». Ангел настаивал: «Подумай, может, вспомнишь». Человек сказал: «Ничего не могу вспомнить, кроме того, что в этой жизни я всегда помогал своим партнерам по торговле. Состоятельным предоставлял отсрочку платежей, бедным прощал (долг)». Аллах ввёл его в рай (за его добрые деяния)» (Бухари).

# ПОДАЯНИЕ
(милостыня)

Передают со слов Абу Хурайры (да будет доволен им Аллах), что Посланник Аллаха (да благословит его Аллах и приветствует) сказал: «Щедрый человек близок к Аллаху, близок к людям, близок к раю и далёк от ада, скупой же далёк от Аллаха, людей, рая и близок к аду» (Тирмизи).

*Д.Тазабаев*

**Продолжается подписка на газету «Исламан зIаьнарш»!**
**Тридцать лет прошло с тех пор, как вышел первый номер религиозно-просветительской газеты «Исламан зIаьнарш».**
**На ее страницах публикуются проповеди, газета рассказывает об основах религии Ислам, о жизни святых авлийа, о наших прекрасных обычаях и традициях... Также читатель может узнать о достойных, благородных поступках и жестах наших соотечественников. У каждого из нас есть возможность подружиться с этой газетой, задать редколлегии вопросы, посоветоваться, рассказать о наболевшем...**
**Пишите в газету «Исламан зIаьнарш», подписывайтесь на газету «Исламан зIаьнарш»! Цена на подписку: на полугодие – 360 рублей, на год – 720 рублей.**

**Учредитель:**
Министерство информации и печати Чеченской Республики

Адрес учредителя/издателя: 364060, г. Грозный, бульвар Дудаева, 8.

**Куратор газеты Хож-Ахмад-Хаджи Кадыров**
**Основатель газеты Масуд Заурбеков**
**Главный редактор Фарида Заурбекова**

Адрес редакции: 364024, г. Грозный, ул. Н.А. Назарбаева, 92.
**Телефон:** 8-928-088-85-50; **E-mail:** zori-islama@mail.ru; **Индекс газеты:** 54 928,
Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике 1 декабря 2015 года. Регистрационное свидетельство ПИ № ТУ 20-00П0.

Мнение редакции может не совпадать с мнением автора. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. Газета выходит 2 раза в месяц по четвергам на русском и чеченском языках. Цена свободная. Тираж – 3000 экз. Передано в печать: 24.02.2021 г. 15:00. Подписано в печать: 24.02.2021 г. 16:00. Заказ №_________ Газета отпечатана в типографии издательства ООО «Плаза». Адрес: 357748, г. Кисловодск, ул.Седлогорская, 161.

**16+**